



Myèl Ewopeyen ak myèl Afriken sanble



Milpye adilt yo ka grandi jiska 6 pouz



Yo va defann rich myèl yo



Koliyoptè vezikatwa yo souvan gen koulè klere



Gen anpil fanmi ak espès gèp



Foumi yo grandi jiska apeprè ¼ pouz longè



Nich gèp an papye



Yo konnen gèp jòn tou kom "Jakèt jòn"

MILPYE FLORIDA BLUE

Scolopendra viridis

- Lè milpye mòde, sa pa menase lavi.
- Sentòm yo imeda: doulè, anflamasyon nan plas yon kout dan (menm jan ak lè yon myèl pike moun).
- Santipèd yo gen grif ki adapte kòm kwòk pou yo ka kenbe epi mòde.
- Li renmen lannwit epi li prefere kote kache ki imid e ki fè nwa.



KOLIYOPTÈ VEZIKATWA

Meloidae fanmi, anpil espès

- Ekspozisyon sipèfisyèl a sekresyon Koliyoptè vezikatwa nan pa yon menas pou lavi.
- Absòbsyon yon gwo kantite sekresyon, oswa koliyoptè, trè toksik pou mamifè.
- Sentòm ekspozisyon lokal yo se zanpoud sou po a ak malèz lokal.
- Moun ka wè yo ap manje pati fleri rekòlt ak legim jaden yo.



FOUMI

Solenopsis invicta

- Sentòm yo imeda: doulè boule, anflamasyon, grayezon.
- Pòch ki gen pij parèt nan apeprè 24 èdtan epi yo ka dire jiska 10 jou.
- Enfeksyon segondè trè kouran.
- Trè agresif lè moun deranje yo.
- Yo prefere kote ki pi sèk, men moun ka jwenn yo nan nenpòt abita.



PREMYE SWEN POU PIKI AK KOUT DAN ENSÈK

- Toujou fè atansyon avèk reyaksyon alejik ki ra, men ki grav!
- Si gen yon pikan ki rete, pa rale l; retire l avèk yon yon enstriman ki oa gen bò file (tankou yon kat kredi).
- Lave zòn lan avèk savon ak dlo.
- Mete glas pou soulaje doulè ak anflamasyon.
- Rele Sant Enfòmasyon sou Pwazon an pou jwenn asistans.
- **RELE 911** si sentòm yo kontinye vin pi mal, oubyen si pasyan an devlope anflamasyon; woujè; gratèl oubyen gritezon lwen plasman piki a, plas bét mòde; difikilite pou respire; feblès; pikotman; maleng ki enfekte oubyen ki ouvè; oswa kè plen ki dire lontan.

EVITE BÈT KI DANJERE YO

- Fè atansyon lè w deyò: mete gan ak soulye fèmen lè w ap fè jadinaj oswa lè w ap travay nan lakou.
- Fè atansyon avèk sa ki ap pase bò kote w, sitou lè w deyò. Li pa amizan pou moun kanpe sou yon nich foumi!
- Pa mete men w oswa pye w nan kote ki ka sèvi kòm kachèt pou bêt danjere.
- Tcheke soulye ou anvan ou mete yo... kapab gen bêt danjere ki kache ladan yo!
- Gade epi koute pou wè si gen son boudònnman ki pèsiste mam alantotou kay ou ak lakou ou; ka gen myèl ki ap fè nich. Si ou tande yo: rete lwen, pa deranje yo, epi rele yon pwofesyonèl nan kontwòl ensèk nuizib pou retire yo.
- Respekte tout bêt vivan – menm sa ki pi pití yo ka blese moun!

BÈT DANJERE NAN LAKOU DÈYÈ KAY OU

Sèvis Ponpye Miami-Dade ofri pwogram sa a ki fèt pou etidyan e ki vize prevansyon, sekirite, ak premye swen si bêt danjere ta mòde ak pike moun. Ou ka pran yon randevou pou yon prezantasyon lè w rele 786-331-5000, ekstansyon 4444, oubyen lè w voye yon imel mdfrantivenom@miamidade.gov.

KONTAK AN KA IJANS

RELE 911
REZO KONTWÒL PWAZON FLORID
800-222-1222

SÈVIS PONPYE MIAMI-DADE
9300 NW 41ST Street, Miami, FL 33178
786-331-5000
www.miamidade.gov/mdfr

SE YON PIBLIKASYON MIAMI-DADE FIRE RESCUE VENOM RESPONSE BUREAU

Pa ijans: 786-331-4454
Fax: 786-331-4454
mdfrantivenom@miamidade.gov
www.venom1.com
786-331-5000
www.miamidade.gov/mdfr



BÈT DANJERE AN FLORID



**MIAMI-DADE FIRE RESCUE
VENOM RESPONSE TEAM**

CHENI PUSS

Cheni yo se etap lav papiyon ak mit

CHENI PUSS

Megalopyge opercularis



Jiska yon pou longè, yo rele tou cheni Asp

CHENI PAPIYON DENUI

Automeris io



Youn oubyen de pou longè

CHENI SADDLEBACK

Aracharia stimulea



Youn oubyen de pou longè

PIKI CHENI

- Anjeneral, piki yo pa menase lavi, men doulè ka nesesite swen medikal.
- Sentòm yo imeda: doulè entans ki boule; bouton lokalize sou po; maltèt; doulè nan vant; gratezon; zanpoud; epi pafwa pèt sansasyon, doulè nan pwatrin, oswa difikilte pou respire.
- Piki se yon bagay aksidantèl lè yo deloje cheni an nan feyaj li.
- Yo jwenn li sou anpil plant tankou palm, roz, pye bwadchèn ak sitwon.

PREMYE SWEN POU PIKI CHENI

- Mete tep sou zòn piki a epi rale l dousman pou w retire nenpòt pikan ki rete.
- Lave zòn lan avèk savon ak dlo.
- Mete glas pou soulaje doulè ak anflamasyon.
- Rele Sant Enfòmasyon sou Pwazon an pou jwenn asistans.
- REFERE A PREMYE SWEN** pou piki ak kout dan ensèk.

ANFIBYEN

KRAPO BIFO

Bufo Marinus

- Toksin se yon likid tankou lèt ki sekrete atravè gwo glann parotid ki nan baz tèt krapo a.
- Ze ak teta gen pwazon tou.
- Toksin yo ka transmèt lè yon moun manyen oswa vale yon krapo oswa sekresyon krapo.
- Si gen kontak, lave avèk savon ak dlo.
- Krapo Bufo yo anjeneral viv toupre dlo epi yo aktif nan imidite lannwit.
- Bèt kay yo souvan viktim ki pi de yo. Si yon bêt kay anpwazonnen, kontakte yon klinik veterinè imedyatman.
- Rele Sant Enfòmasyon sou Pwazon an pou jwenn asistans.
- RELE 911** si pasyan an devlope gwo iritasyon ak doulè nan je, nen ak göj; kè plen; vomisman; kriz; oswa difikilte pou respire.



Li ka grandi jiska
9 pou longè epi
peze 2 liv

AREYE

ARENYE WON

Latrodectus species

- Kout dan arenye won yo ka menase lavi moun.
- Rele 911.
- Sentòm yo parèt 1-2 èdtan apre yon mòde, yo gen ladan: swe nan plasman mòde a; frison; vant rèd; kè plen; vomisman; ak krang nan misk ki fè mal.
- Li fonksyone lannwit epi li pa agresif, men li ka mòde si li santi li menase.
- Fè kay yo nan kote ki cho, sèk, epi ki pwoteje.



Arenye nwa
Janb 1 pou
longe



Arenye mawon



Arenye wouj

ARTOPÒD

ESKÖPYON

Centruroides gracilis

- Nòrmalman, piki pa menase lavi.
- Sentòm yo parèt imedyatman, tankou: doulè ak anflamasyon nan anplasman piki a (menm jan ak yon piki gèp).
- Yo renmen lannwit epi yo prefere kote pou kache ki cho, ki fè nwa e izole.
- Rele Sant Enfòmasyon sou Pwazon an pou jwenn asistans.
- REFERE A PREMYE SWEN** pou piki ak kout dan ensèk.



Adilt yo mezire
2-3 pou longè

REKLIZ MAWON

Loxosceles reclusa

- Anjeneral, kout dan yo pa menase lavi moun, men yo ka nesesite swen medikal.
- Yo pa ka detekte kout dan yo okòmansman.
- Sentòm yo parèt 8-12 èdtan apre kout dan an, gen ladan: doulè, woujè nan zòn kout dan an; epi yo ka evolye pou vin tounen yon blesi ouvè.
- Prefere kote pou kache ki sèk, ki fè nwa, epi ki trankil.



Rekliz mawon

Divizyon arenyen rekliz nan Etazini



Rekliz mawon pa natif natal nan Sid Florid

ARAKNID

MYÈL (EWOPEYEN OSWA AFRIKANIZE)

Apis mellifera

- Plizyè piki ka menase lavi epi yo ka nesesite atansyon medikal.
- Sentòm pike (lokal) yo imeda: doulè, anflamasyon, woujè.
- Va fè nich nan prèske nenpòt kavite oswa espas pwoteje.



LÒT ENFÒMASYON SOU SEKIRITE MYÈL

- Myèl pike moun yon sèl fwa, epi yo mouri.
- Moun jwenn myèl Afrikanize (AHB) yo souvan nan Florid.
- AHB yo defann rich myèl yo agresivman.
- Si ou wè yon nich myèl oswa yon bann myèl, RETE LWEN.
- Rele yon sèvis ki konn retire myèl.
- Si yo atake w, pwoteje figi w epi KOURI pou ale nan yon abri.
- Pa eseeye kache nan dlo.
- Pa pran menas myèl sa yo alalejèl.

GÈP

Anpil fanmi ak espès

- Anjeneral, yo pa menase lavi moun, men plizyè pike ka nesesite atansyon medikal.
- Gèp an patikilye kapab pike moun plizyè fwa.
- Sentòm piki yo imeda: doulè, anflamasyon, woujè.
- Anjeneral, yo fè nich nan zòn ki pwoteje; nich yo varye nan aparans ak estrikti.



GÈP JON

Vespa, Dolichovespula species

- Anjeneral, yo pa menase lavi moun, men plizyè pike ka nesesite atansyon medikal.
- Gèp jòn an patikilye kapab pike moun plizyè fwa.
- Sentòm piki (lokal) yo imeda: doulè, anflamasyon, woujè.
- Fè nich nan pyebwa, anba abri, ak anba tè.



POU PLIZYÈ PIKI AK SENTÒM TANKOU DIFIKILTE POU RESPIRE, KÈ PLEN, VOMISMAN, FRISON, AK FEBLÈS, **RELE 911**

ENSEK